

Sant Resous pou Chofè

Asistans Sèvis Konplè | Gratis



Sèvis Legal

Pou chofè ki se pwopriyetè medayon yo

Travay ak yon pwofesyonèl nan domèn legal pou:

- Revize kontra lajan ou te prete
- Renegosye kontra finansman ki apwopriye
- Konteste koleksyon dèt oswa jijman ki apwopriye
- Deklare fayit (si sa apwopriye)

Pou tout antite ki gen lisans TLC yo

- Jwenn konsèy sou kijan pou w depoze yon plent kont yon antite ki gen lians TLC pou yon Vyolasyon Règ TLC



Konsèy Finansye

Travay youn-a-youn ak yon konseye finans pwofesyonèl pou:

- Jere lajan ou epi kreye yon plan depans
- Devlope yon estrateji pou minimize dèt
- Separe finans pèsonèl ak biznis
- Prepare lèt bay moun ou dwe yo pou bese peman yo oswa kanpe peman yo pou yon ti tan poutèt difikilte
- Jwenn aksè nan resous ijan lokal, eta, ak federal



Sante ak Sante Mantal

- Jwenn aksè nan resous pou sante ak byennèt emosyonèl
- Enskri pou asirans sante



Sipò ak Aplikasyon pou Asistans Piblik

- Sèvi ak Access HRA pou aplike pou renouvle Pwogram Asistans Nitrisyon Siplèmantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), Asistans Lajan Kach, ak Medicaid.

Ouvèti Vityèl me 2020

Ale sou <https://portal.driverresourcecenter.tlc.nyc.gov> pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou pwograme yon randevou. Kounye a tout randevou fèt nan telefòn.

Gen entèprèt lang siy ameriken ak lòt lang disponib depi ou mande.